



Pou Piblikasyon Imedya: 30/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PWOFFESYONÈL SWEN SANTE ETA NEW YORK POU PWOGRAM BOUS DETID LAVNI NOU AN**

***Pwogram pou ede abòde mank pwofesyonèl swen sante kalifye ak amelyore panorama swen sante New York***

***Benefisyè yo pral resevwa yon bous detid dezan ki kouvri tout depans pou yo ka ale nan inivèsite nan Eta New York***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a [Pwofesyonèl Swen Sante Eta New York pou Bous Detid Lavni Nou an \(Healthcare Workers for Our Future Scholarship\)](#). Nouvo pwogram bous detid sa a bay yon bous detid dezan ki kouvri tout depans pou apeprè 500 etidyan Eta New York k ap chèche jwenn yon diplòm asosye oswa yon diplòm bakaloreya kòm yon Enfimyè Anrejistre, Terapet Respiratwa, Teknoloj Laboratwa Klinik, Teknoloj Radyoloji oswa Teknoloj Chirijikal. Bousdetid la sipòte ak bay pwofesyonèl swen sante lavni yo ki angaje yo pou bay sèvis swen sante enpòtan nan kominote ki pa byen sèvi ak defavorize yo nan tout Eta New York.

"Bousdetid Pwofesyonèl Swen Sante pou Lavni Nou an se yon investisman nan avni New York ak yon etap odasye pou asire chak kominote gen aksè a bon jan kalite swen sante," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou bay plizyè santèn etidyan bous detid pou pouswiv yon diplòm nan domèn swen sante esansyèl, n ap abòde bezwen anplwaye nan kominote kote yo plis bezwen li, pandan n ap tou ouvri pòt pou edikasyon siperyè pou elèv postilan yo."

Benefisyè yo chwazi yo pral resevwa yon bous detid pou jiska dezan etid aplentan nan nenpòt pwogram diplòm asosye oswa lisans nan SUNY oswa CUNY oswa nan inivèsite ki akredite nan Eta New York, ki gen ladann sa ki annapre yo:

- **Frè eskolarite:** Pri ekolaj la, ki pa dwe depase pri ekolaj nan eta a nan yon inivèsite SUNY oswa pri ekolaj reyèl la, kèlkeswa sa ki pi piti.
- **Frè pou depans ki pa lye a ekolaj la:** Chanm ak pansyon ak alokasyon pou frè liv, founiti ak transpò jiska depans mwayèn nan inivèsite SUNY yo.

- **Depans pou Viv:** Elèv k ap viv sou kanpis la ap resevwa chanm ak pansyon jiska depans mwayen nan inivèsite SUNY yo. Etid k ap vwayaje yo pral resevwa yon alokasyon pou vwayajè.

Yo pral bay bous detid yo pou apeprè 500 elèv yo chwazi owaza atravè yon tiraj lotri. Pou antre nan tiraj Bousdetid Pwofesyonèl Swen Sante pou Lavni Nou an, patisipan yo ka ranpli yon [fòmilè enskripsyon sou entènèt](#). Benefisyè bous detid la yo dwe dakò pou yo travay nan yon [zòn ki pa byen sèvi nan Eta New York](#) kòm Enfimyè Anrejistre, Terapet Respiratwa, Teknoloj Laboratwa Klinik, Teknoloj Radyolojik, oswa Teknoloj Chirijikal pou dezan apre yo fin diplome.

**Prezidan Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè Eta New York la, Doktè Guillermo Linares, te deklare,** "Bous detid Pwofesyonèl Swen sante pou Lavni Nou an reprezante non sèlman angajman kontinyèl Eta New York nan edikasyon etidyan nou yo nan domèn enpòtan, men tou angajman Gouvènè Hochul pran pou ankouraje yon sistèm swen sante solid nan New York ki rezistan ak ekitab. Bousdetid sa a sipòte vwayaj edikatif elèv nou yo nan bay asistans finansyè epi bay yo otonomi pou fè yon diferans nan kominote kote rate sèvis swen sante yo pi repete."

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, James V. McDonald M.D., te deklare,** "Opòtinite bous detid 'Pwofesyonèl Swen Sante pou Lavni Nou an' pral retire baryè finansye edikasyon siperyè epi ouvri pòt opòtinite pou plis moun ki pasyone pou pouswiv yon avni nan domèn swen sante enpòtan. Pwofesyonèl swen sante yo se fondasyon pou konstwi kominote ki an sante, epi pwogram bous sa a se yon investisman nan yon New York ki pi solid ak pi an sante."

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye fè investisman estratejik ki ranfòse rezèv mendèv esansyèl sa a. Bous detid sa yo pral asire sistèm swen sante nou an ap kontinye jwenn sipò travayè ki gen konpetans, ki gen konesans epi asire ke nou ka satisfè bezwen medikal tout Nouyòkè yo."

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "SUNY angaje nan objektif Gouvènè Hochul pou ogmante mendèv swen sante New York nan 20% pou satisfè demann k ap grandi nan eta a. Nan SUNY, pwogram bous detid tankou sa yo ke Pwofesyonèl Swen Sante pou Lavni Nou nan Eta New York ofri se yon engredyan kle nan estimilasyon pou konstwi mendèv New York bezwen an sante."

**Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare,** "Chak ane, plizyè milye diplome CUNY kontinye travay nan domèn swen sante ki gen anpil demann, e plis pase sèt sou 10 diplome CUNY nan pwogram sa yo se manm gwoup ki pa sèvi yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou pwomosyon li nan opòtinite edikatif ki pral pèmèt yon pi gwo divèsite Nouyòkè pouswiv karyè ki estab, ki bay satisfaksyon pandan y ap ede tou satisfè bezwen k ap grandi nan kominote yo atravè eta nou an."

**Komisè Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa, te deklare,** "Aksè nan edikasyon se kle ki debloke opòtinite san limit, ki fòme yon avni meyè ak ekitab pou tout moun. Pwogram Bous detid pou Pwofesyonèl Swen Sante pou lavni nou an pral bay pwofesyonèl swen sante postilan yo otonomi avèk yon edikasyon ki gen sans ki pral ankouraje ekite nan swen sante ak kreye yon enpak transfòmateur ki rezone nan kominote ki gen pi gwo bezwen yo. Lè nou travay ansanm nan nivo eta ak lokal, nou ka kreye yon sistèm swen sante ki pi aksesib ak jis pou tout moun."

**Prezidan CICU, Lola W. Brabham, te deklare,** "Fakilte ak Inivèsite Endepandan New York yo bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul nan etabli Bousdetid Pwofesyonèl Swen Sante Eta New York pou Lavni Nou an. Pwogram sa a pral ede ogmante enskripsyon nan domèn enpòtan yo, elaji ekite ak siksè etidyan yo, epi sa ki pi enpòtan, asire plis pasyan gen aksè a bon jan kalite swen sante."

**Prezidan APC a, Donna Stelling-Gurnett, te deklare,** "Sipò Eta a pou ede elèv yo fini diplòm yo nan domèn swen sante enpòtan yo pral ede soulaje mank mendèv la, espesyalman nan zòn ki pa byen sèvi nan Eta New York. Demann nan pwofesyon sa yo te ogmante, epi angajman eta a pou kouvri frè ekolaj ansanm ak depans ki pa ekolaj ak depans pou viv ap gen yon gwo enpak pozitif. Fakilte manm APC yo espere kolabore ak Eta New York pou ede soulaje mank de mendèv swen sante a epi rete angaje pou ede etidyan ki pa sèvi yo jwenn aksè nan edikasyon siperyè."

Pou aplikasyon pou bousdetid la, ranpli règ pwogram yo ak FAQ (kesyon yo souvan poze) la, vizite [ny.gov/healthcareworkers](https://ny.gov/healthcareworkers). Delè pou aplike se 24 jen 2024. Aplikan yo dwe ap viv kounye a nan Eta New York epi dakò pou yo pouswiv yon diplòm asosye oswa bakaloreya nan youn nan domèn etid apwouve yo.

Etidyan ki benefisyè yo pral kapab konplete pwogram yo ak yon orè fleksib, swa tan pasyèl oswa aplentan. Bousdetid yo pral kouvri ekolaj, chanm ak pansyon, ak lòt frè nan nenpòt fakilte SUNY, CUNY, oswa ki akredite nan Eta New York, egal a kat semès aplentan epi yo pa dwe depase depans mwayèn patisipasyon ki egal ak sa yon fakilte SUNY eta a ap jere. Prim yo pral pwopòsyonèl pou benefisyè ki frekante mwens ke aplentan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)